



Pou Piblikasyon Imedya: 01/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APEPRÈ 53% ETIDYAN KI REZIDAN NEW YORK E
KI ALE SUNY ak CUNY APLENTAN PRAL LEKÒL GRATIS**

***Plis pase 210,000 Etidyan Pral SUNY oswa CUNY Gratis, Pami Lèkèl Etidyan k ap
Resevwa Bousdetid Excelsior, TAP, Pell, ak lòt Èd Finansyè***

***Apeprè 45,000 Etidyan vin wè yo Elijib pou Ekolaj Gratis lè yo Aplike pou
Bousdetid Excelsior la***

Premye Klas Benefisyè Bousdetid Excelsior la te Kòmanse Lekòl Otòn sa a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse apeprè 53 pousan etidyan ki rezidan New York e ki ale SUNY ak CUNY apentan, ki vle di plis pase 210,000 rezidan New York, pral ale lekòl gratis, gras a etidyan k ap resevwa Bousdetid Excelsior. Bousdetid Excelsior se youn nan premye pwogram nan nasyon an ki ofri ekolaj gratis nan kolèj ak inivèsite piblik New York. Chif sa a pran an konsiderasyon tou Pwogram Asistans pou Ekolaj (Tuition Assistance Program, TAP) Eta New York, Pell, ak lòt bousdetid, ki trè jenere.

“Sèjousi, yon diplom kolèj se ekivalan sa yon diplòm lekòl segondè te ye 30 an de sa - li esansyèl pou reyisi nan ekonomi jodi a. Yo konsevwa premye Bousdetid Excelsior la, ki san parèy nan nasyon an, pou pèmèt plis moun New York al kolèj gratis e resevwa edikasyon yo bezwen pou realize potansyèl yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York alatèt nasyon an nan kreye opòtinite egal-ego pou tout moun, e n ap kontinye travay pou asire se pa sitiyasyon ekonomik yon fanmi ki detèmine si yon etidyan ap diplome; yon diplom kolèj dwe aksesib a tout moun ki travay di e gen gwo rèv.”

Jiska prezan, yo detèmine apeprè 45,000 etidyan elijib pou Bousdetid Excelsior la e pral ale nan SUNY oswa CUNY gratis ane sa a; sa gen ladan plis pase 23,000 etidyan ki pral peye ekolaj yo gras a TAP, Pell, ak lòt èd finansyèl, e prèske 22,000 etidyan ki pral resevwa Bousdetid la pou peye rès ekolaj yo. Etidyan ki te aprann yo kalifye pou TAP ak Pell pandan yo t ap aplike pou Bousdetid Excelsior la, te ka otreman pa vin okouran opòtinite sa a pou kalifye pou ekolaj gratis.

Aplikan Bousdetid Excelsior ki satisfè kondisyon elijibilite pwogram nan te resevwa ekolaj gratis. Kantite moun ki te resevwa Bousdetid sa a, ki se apeprè 22,000 etidyan, nan menm lanse ak pwojeksyon inisyèl Eta a te fè pou premye ane pwogram nan, ki

san parèy nan nasyon an. Kantite etidyan ki kalifye pou Bousdetid Excelsior la ap ogmante chak ane, jouk yon fin enpleman pwogram nan nèt. Gen plis pase 6,000 aplikasyon ki annatant apwobasyon final la toujou, kifè kantite moun ki resevwa bousdetid la pou ane sa a ta sanse ogmante. Kounye a gen prèske 400,000 etidyan ki rezidan New York e ki ale aplentan nan SUNY ak CUNY.

Y ap enpleman Bousdetid Excelsior la sou yon peryòd twazan. Pou ane akademik 2017-18 la, moun New York ki pote jiska 100,000 dola kòm revni lakay yo ap elijib; kritè a ap monte a 110,000 dola an 2018-19, pou rive a 125,000 dola an 2019-20. Bousye yo dwe enskri nan inivèsite aplentan e konplete anviwon 30 kredi pa ane (sa gen ladan semès Ete ak Janvyè yo) pou yo resevwa finansman sa a. Sepandan, pwogram nan gen souplès pou nenpòt etidyan k ap fè fas a difikilte ka an mezi pou kanpe epi rekòmanse pwogram nan, e tout etidyan kapab pran mwens kredi nan yon semès an konparezon ak yon lòt, depi yo konplete 30 kredi pa ane.

Etidyan yo oblije fè mwayèn ki pou pèmèt yo reyisi nan kou yo, epitou, kòm pwogram nan envesti anpil nan pi gran resous eta a genyen - jèn moun nou yo - y ap egzije pou etidyan yo ret abite epi travay nan eta a apre yo fin diplome, pou menm kantite lane yo te pase ap resevwa Bousdetid Excelsior la.

Dtè. Guillermo Linares, Prezidan pa Enterim Kòporasyon pou Sèvis Ansèyman Siperyè nan Eta New York la (New York State Higher Education Services Corporation (HESC), te deklare, “Rèv pou yon edikasyon kolèj abòdab tounen yon reyalite kounye a pou plizyè dizèn milye benefisyè Bousdetid Excelsior. Mwen fyè de wòl HESC te jwe, e pral kontinye jwe pou ede elèv yo akonpli rèv sa a.”

Rektè SUNY an Kristina M. Johnson te deklare, “Kolèj ak inivèsite toupatou nan Inivèsite Eta New York, e - sa ki pi enpòtan - etidyan SUNY yo, te pran avantaj Pwogram san presedan Bousdetid Excelsior la (Excelsior Scholarship Program), e nou fyè pou n akeyi premye pwomosyon Etidyan Excelsior (Excelsior Scholars) sou kanpis nou an semès sa a. Ogmantasyon aksè a bonjan kalite edikasyon siperyè - ki fè li pi bon mache pou plis moun New York - vle di yon avni ki pi briyan pou etidyan ki gradye yo, sistèm inivèsite nou an, e eta nou an. N ap kontan devlope pwogram inovatè sa a e pèmèt plis etidyan al lekòl gratis nan SUNY, ofiyamezi elijibilite ogmante sou de pwochen ane yo.”

Prezidan Konsèy Administrasyon CUNY (CUNY Board of Trustees), William C. Thompson, Jr. di konsa, “Bousdetid Excelsior bay tout moun New York, ki pa fè ase/anpil lajan, aksè a bonjan kalite edikasyon siperyè gratis; sa asire ke New York ak CUNY kontinye ofri opòtinite. Envestisman inovatè sa a nou fè nan etidyan nou yo ap pote fwi pou plizyè deseni k ap vini yo, epi li etabli yon estanda pou peye pou kolèj pou rès peyi a swiv”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418